

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Karya sastra boga fungsi pikeun méré pangaweruh jeung pangalaman ka nu maca, kitu deui karya sastra dina wangun naskah drama. Naskah drama “Sanhiang Tapak”m angrupa naskah drama nu reumbeuy ku atikan, utamana nu patali jeung ajén-ajén kasundaan. Ku kituna, naskah drama “Sanhiang Tapak” bisa dijadikeun média pikeun ngawanohkeun jeung maham ajén-ajén kasundaan.

Tujuan ieu panalungtikan nya éta ngulik leuwih jero ngeunaan naskah drama “Sanhiang Tapak”. Sababaraha hal nu diulik dina ieu panalungtikan nya éta déskripsi naskah drama “Sanhiang Tapak”, struktur nu aya dina naskah drama “Sanhiang Tapak”, jeung ajén étnopédagogik nu nyampak dina naskah drama “Sanhiang Tapak”. Satulunya, éta hasil panalungtikan téh dipedar ieu di handap.

Naskah drama “Sanhiang Tapak” karya R. Hidayat Suryalaga nu dijieuun taun 1989. Ieu naskah drama ngawengku lima babak, 35 adegan, 63 narasi, jeung 440 dialog. Ieu naskah nyaritakeun ngeunaan kahirupan dua nagara di Pulo Nusatirta. Konflik mimiti katitén waktu urang peuntas nu dipingpin ku Taksaka, hayang ngalegaan kakawasaan ku cara ngawasa sakabéh Pulo Nusatirta. Ieu hal ngabalukarkeun perang antara urang peuntas jeung urang Nusatirta Kulon. Dicaritakeun urang peuntas mindeng meunang dina perang sabab manéhna ngajénan sajarah karuhunna. Sajarah kadigjayaan karuhun dijadikeun pangrojong keur urang peuntas sangkan jadi bangsa nu digjaya. Urang Nusatirta Kulon nu geus nyaho éta rusiah, ahirna bisa ngéléhkeun urang peuntas ngaliwatan cara ngancurkeun kareueus urang peuntas ka karuhunna. Urang peuntas nu geus leungiteun kareueus ahirna ngancurkeun dirina sorangan.

Struktur nu ditalungtik nya éta struktur intrinsik dina naskah drama “Sanhiang Tapak” nu ngawengku palaku, peran, jeung watek; motif, konflik, peristiwa, jeung alur; latar jeung *ruang*; basa; sarta téma jeung amanat.

Irma Subantari, 2016

**NASKAH DRAMA “SANHIANG TAPAK” KARYA R. HIDAYAT SURYALAGA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Jumlah palaku dina naskah drama “Sanghiang Tapak” aya 26, nu dipasing-pasing jadi palaku protagonist jeung palaku antagonis. Palaku dina ieu naskah drama dibagi jadi dua kelompok, nya éta urang Nusatirta Kulon jeung urang peuntas. Sacara umum urang Nusatirta Kulon digambarkeun minangkat palaku protagonis nu bageur jeung sabar, sedengkeun urang peuntas digambarkeun minangka palaku antagonis nu telenges jeung hawek kana kakawasaan.

Naskah drama “Sanghiang Tapak” diwangun ku lima babak jeung 35 adegan. Hiji adegan ngawengku sababaraha kajadian, nu satuluyna ngawangun konflik. Konflik utama dina ieu naskah drama nya éta kakawasaan. Unggal nagara hayang ngadigjayakeun bangsana, nepi ka nyababkeun perang. Ieu konflik ahirna ngabalukarkeun ayana konflik anyar, saperti konflik Nyi Surti jeung Nyi Mayang, sarta konflik Galuh jeung dirina sorangan.

Latar nu dicaritakeun dina ieu naskah drama ngawengku latar waktu, latar tempat, jeung latar kaayaan. Latar waktuna umumna beurang, iwal ti waktu diayakeun upacara ka karuhun. Latar tempat nu dicaritakeun aya di dua tempat, nya éta lembur urang peuntas jeung guha panyumputan urang Nusatirta Kulon. Latar kaayaan nu digambarkeun umumna pikasediheun, sabab ieu drama kaasup drama tragédi. *Ruang* nu digambarkeun ogé sarua jeung latar tempatna, lembur urang peuntas dicaritakeun sabagé lembur nu aya di luhur pasir, aya lingga nu mangrupa prasasti Sanghiang Tapak nu dituruban ku lawon konéng. Guha panyumputan urang Nusatirta Kulon ogé digambarkeun sabagé guha nu lega sarta nyamuni.

Gaya basa nu katitén dina naskah drama “Sanghiang Tapak” nya éta gaya basa lalandian, gaya basa kadalon, gaya basa ébréhan, gaya basa rautan, gaya basa rarahulan, gaya basa ngasor, gaya basa ngupamakeun, gaya basa silib, gaya basa raguman, jeung gaya basa kahanan.

Téma carita naskah drama “Sanghiang Tapak” nya éta kabudayaan. Ieu hal saluyu jeung amanat ieu naskah drama nu nyaritakeun ngeunaan pentingna kareueus ka karuhun. Rasa reueus lain ngan saukur ku cara nyaho sajarah karuhun, tapi ogé maham jeung ngalarapkeun éta sajarah dina kahirupan sapopoé.

Ajén étnopédagogik nu nyampak dina naskah drama “Sanghiang Tapak” ngawengku moral sipat gapura pancawaluya jeung sipat tri-silas. Éta tilu aspék étnopédagogik téh katitén dina naskah drama “Sanghiang Tapak”. Ku kituna, naskah drama “Sanghiang Tapak” kaasup naskah drama nu mibanda ajén étnopédagogik kasundaan nu baris ngarojong pangaweruh masarakat ngeunaan ajén-ajén kasundaan.

## 5.2 Saran

Dumasar panalungtikan nu geus dilakukeun, aya sababaraha saran nu satulunya dipedar ieu di handap.

- 1) Naskah drama “Sanghiang Tapak” bisa dijadikeun media pikeun ngawanohkeun ajén-ajén kasundaan ka masarakat.
- 2) Ieu panalungtikan masih jauh ti sampurna, ku kituna dibutuhkeun panalungtikan satulunya pikeun ngantebkeun ieu panalungtikan, utamana panalungtikan semiotic dina naskah drama “Sanghiang Tapak”.